



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/16/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE SANT KÒMANN MOBIL NAN HOOSICK FALLS
POU EDE MÈT KAY YO**

Sant Kòmman Mobil la ap bay enfòmasyon sou Asirans ak kesyon Ipotèk pou rezidan yo nan zòn lan ki afekte avèk kontaminasyon dlo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te mande Depatman Sèvis Finansye pou etabli yon Sant Kòmman Mobil nan Hoosick Falls pou ede epi bay mèt kay ak rezidan yo enfòmasyon ki te kapab afekte pa resan evènman yo ki gen rapò avèk ipotèk apre kontaminasyon PFOA nan rezèv dlo lokal la. Sant Kòmman Mobil la ap etabli nan HAYC3 Armory lokalize nan 80 Church Street, Hoosick Falls jodia, 16 Fevriye ak demen 17 Fevriye apati 2 p.m. jiska 8 p.m.

“Administrasyon mwen an ap kontinye bay sipò sou teren an pou moun Hoosick Falls yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Sa ap ede asire ke mèt kay ansanm avèk rezidan yo nan zòn lan ka enfòme epi itilize tout opsyon ki disponib pou yo. Mwen ankouraje nenpòt moun ki gen kesyon pou rankontre avèk anplwaye kalifye DFS yo semèn sa a.”

Anplwaye DFS yo ap disponib pou bay enfòmasyon epi ede mèt kay ak rezidan yo avèk nenpòt kesyon ak enkyetid ki gen rapò avèk prè ipotèkè, oswa refinanse prè yo. Anplwaye DFS yo ap disponib tou pou bay enfòmasyon pou ede mèt kay ak rezidan yo avèk nenpòt kesyon ak enkyetid ki gen rapò avèk kesyon asirans.

Nou ankouraje anpil rezidan yo nan zòn kominotè Hoosick Falls pou patisipe si yo bezwen asistans ki gen rapò avèk prè ipotèkè, refinanse, oswa kesyon asirans. Semèn pase, Gouvènè Cuomo te anonse ke eta te kòmanse planifye pou yon posib altènatif rezèv dlo nan Vilaj Hoosick Falls – asire ke kominote a gen yon nouvo apwovizyonman dlo potab. Gouvènè a te anonse tou ke eta ap achte epi enstale yon sistèm filtrasyon dlo pou apeprè 1,500 kay nan Vil Hoosick, si yon mèt kay vle yo enstale yon sistèm konsa pou li. Anplis, eta ap ofri tès echantiyon dlo ak tès san gratis. Wap jwenn plis enfòmasyon sou tout aksyon sa yo disponib [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418